**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–17.10.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

बिहार विधानसभा चुनावक पहिल चरण लेल नामांकन प्रक्रिया आइ समाप्त भऽ गेल। एहि चरणक अंतर्गत अठारह जिलाक एक सय एक्कैस विधानसभा क्षेत्र मे छओ नवम्बर के मतदान हेबाक अछि। काल्हि नामांकन पत्रक जाँच होयत। ओतहि बीस अक्टूबर धरि नाम वापस लेल जा सकैत अछि। एम्हर, दोसर चरण लेल नामांकनक अंतिम तिथि बीस अक्टूबर धरि निर्धारित अछि।

---

एम्हर, आइ पैघ संख्या मे विभिन्न दलक प्रत्याशी अपन–अपन नामांकन पर्चा दाखिल कयलनि। प्रदेशक मंत्री आ भाजपा प्रत्याशी जीवेश कुमार दरभंगा जिलाक जाले विधानसभा क्षेत्र सँ अपन नामांकन पर्चा दाखिल कयलनि। ओतहि, सीवान संसदीय क्षेत्र सँ भाजपाक वरिष्ठ नेता आ स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय सेहो अपन नामांकन पर्चा दाखिल कयलनि। जदयूक वरिष्ठ नेत्री आ मंत्री लेसी सिंह धमदाहा सँ नामांकन पर्चा भरलनि। बेगूसराय सँ भाजपा प्रत्याशी कुंदन कुमार अपन नामांकन पर्चा भरलनि। हुनका संग महाराष्ट्रक मुख्यमंत्री देवेन्द्र फड़नवीस सेहो छलाह। गयाजी शहरी सीट सँ भाजपाक वरिष्ठ नेता आ मंत्री प्रेम कुमार अपन नामांकन कयलनि। नामांकनक काल हुनका संग मध्य प्रदेशक मुख्यमंत्री मोहन यादव सेहो उपस्थित छलाह।

अलीनगर विधानसभा सीट क्षेत्र सँ सुप्रसिद्ध लोक गायिका मैथिली ठाकुर भाजपा प्रत्याशीक रूप मे नामांकन कयलनि। ओतहि, छपरा विधानसभा क्षेत्र सँ राजदक टिकट पर भोजपुरी अभिनेता आ गायक खेसारी लाल यादव नामांकन दाखिल कयलनि। भाजपाक सतीश कुमार यादव राघोपुर सँ नामांकन पर्चा भरलनि। जदयू पार्टीक कलाधर मंडल रूपौली सँ, कविता कुमारी साहा मधेपुरा सँ, रणधीर सिंह छपराक माँझी सँ, भगवान सिंह कुशवाहा जगदीशपुर सँ ऋतुरात कुमार घोसी सँ, चंदेश्वर प्रसाद चन्द्रवंशी जहानाबाद सँ, चेतन आनंद नवीनगर सँ आ राधाचरण साह संदेश सँ नामांकन पर्चा दाखिल कयलनि। राजदक कुमार

सर्वजीत बोधगया सँ जखनकि विश्वनाथ बेलागंज सँ नामांकन पत्र भरलनि। ओतहि, कांग्रेसक प्रदेश अध्यक्ष राजेश राम कुटुंबा सँ जखनकि सोनवर्षा विधानसभा क्षेत्र सँ कांग्रेसक सरिता पासवान आ शकील अहमद खान कदवा सँ अपन नामांकन पर्चा दाखिल कयलनि। जन सुराजक टिकट पर शशि यादव टिकारी सँ आ हेमंत कुमार बारचट्टी सँ नामांकन पत्र दाखिल कयलनि। एकर अतिरिक्त आनो प्रत्याशी लोकनि आइ नामांकन पर्चा दाखिल कयलनि।

---

विधानसभा चुनावक पहिल चरण लेल चुनाव मे तेजी आबि गेल अछि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह आइ सारण जिलाक तरैया मे एक चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। ओ दावा कयलनि जे पूरा बिहार मे एनडीएक लहरि अछि आ एहि बेर गठबंधन के भारी बहुमत भेटत। श्री शाह कहलनि जे बिहारक लोक आब जंगलराजक किस्सा के दोहराबय नहि चाहैत छथि। दोसर दिस भाजपाक वरिष्ठ नेता आ उत्तराखंडक मुख्यमंत्री पुष्कर सिंह धामी सीवान मे एनडीएक प्रत्याशीक समर्थन मे एक जनसभा के संबोधित कयलनि।

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय मंत्री अमित शाह आइ जदयू अध्यक्ष मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सँ भेट कऽ चुनावी रणनीति पर विचार–विमर्श कयलनि। बैसार मे चुनाव प्रचार मे विभिन्न घटक दलक बीच आपसी तालमेल आ समन्वय के लऽकऽ सेहो बातचीत भेल। श्री शाह के संग उप–मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा सेहो उपस्थित छलाह।

---

भाजपा एक बेर पुनः स्पष्ट कयलक अछि जे एनडीए विधानसभा चुनाव मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक नेतृत्व मे लड़ि रहल अछि आ पार्टी के हुनक नेतृत्व पर भरोस अछि। सोशल मीडिया पोस्ट पर पार्टी कहलक अछि जे बिहारक जनता के सेहो नीतीश कुमारक नेतृत्व पर भरोस अछि।

---

प्रथम चरणक मतदान लेल नामांकनक प्रक्रिया समाप्त भेलाक बादो महागठबंधन मे एखन धरि सीटक बंटवारा नहि भऽ सकल अछि। सीट बंटवारा के लऽकऽ जारी घमाशानक मध्य विकासशील इंसान पार्टीक प्रमुख मुकेश सहनी कहलनि जे ओ विधानसभा चुनाव नहि लड़ताह। दरभंगाक गौड़ा बौराम मे संवाददाता लोकनि के ओ कहलनि जे बिहार मे महागठबंधनक सरकार बनेबाक लेल ओ हर संभव प्रयास करताह। ओ कहलनि जे महागठबंधनक सरकार बनबाक स्थिति मे हुनका उप–मुख्यमंत्री बनबाक अछि। एम्हर, महागठबंधनक एक मात्र घटक दल कांग्रेस प्रत्याशीक सूची जारी कयलक अछि। राजद आ विकासशील इंसान पार्टी सूची जारी नहि कयलक। ई दल सभ सीधा प्रत्याशी के सिंबल बांटब शुरू कयलक अछि। बछबाड़ा, गौड़ा बौराम आ लालगंज समेत छओ सीट पर महागठबंधनक पार्टी आमने–सामने अछि। एहि मे पाँच पर कांग्रेस आ राजद अपन–अपन प्रत्याशी उतारने अछि। ओतहि, एक सीट पर कांग्रेस आ सीपीआईएमल आमने–सामने अछि।

---

समाप्त भेल